



Pou Piblikasyon Imedya: 25/06/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KOMEMORASYON 50^{YÈM} ANIVÈSÈ REBELYON
STONEWALL LAN AN 2019**

***Y ap Fè Pwomosyon Evènman Kiltirèl nan tout Eta a, an konjonksyon avèk
Anivèsè Rebelyon Stonewall lan***

***An 2019, New York ap Òganize Stonewall 50 / WorldPride – pi gwo Selebrasyon
Entènasyonal Fyète LGBT***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jefò k ap fèt pou komemore 50^{yèm} anivèsè Rebelyon Stonewall lan an 2019. Nan mwa Jen 1969, manm kominote LGBT an te fè manifestasyon espontane nan Stonewall Inn nan Vil New York, e plizyè moun konsidere rebelyon sa a kòm katalis mouvman modèn pou dwa LGBT. Nan kad jefò komemoratif eta a ap fè, y ap fè pwomosyon evènman kiltirèl nan tout eta a e New York pral òganize pi gwo selebrasyon entènasyonal fyète LGBT an 2019: Stonewall 50 / WorldPride.

“Rebelyon Stonewall lan te yon moman desizif nan istwa LGBT ak istwa New York. N ap komemore evènman sa yo ak jefò mouvman an kontinye ap fè jounen jodi a, pou eta a ak nasyon an vin pi djanm”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “50^{yèm} anivèsè Rebelyon Stonewall lan, ki kowenside avèk WorldPride, ede nou rekonèt jefò premye defansè dwa LGBT yo te fè. N ap akeyi vizitè ki sòti toupatou nan peyi Etazini e atravè lemond pou vizite New York e dekouvri eritaj rich nou jwenn nan tout rekwen eta a.”

Gouvènè Cuomo ap rasanble yon Komite Komemorasyon Stonewall 50 (Stonewall 50 Commemoration Committee) pou ankouraje e fè pwomosyon evènman kiltirèl ki pou fèt nan tout Eta New York an konjonksyon avèk 50^{yèm} anivèsè Rebelyon Stonewall lan. Komite an ap gen ladan reprezantan ki soti nan ajans leta, gwoup kominotè LGBT, mize ak enstitisyon kiltirèl, ak pwofesyonèl nan domèn tourism.

An konjonksyon avèk Stonewall 50, Vil New York pral òganize WorldPride, pi gwo selebrasyon entènasyonal Fyète LGBT an 2019. Evènman an, ki pral fèt nan divès kote atravè lemond, ap gen ladan parad, pèfòmans ak festival ki ankouraje fyète LGBT.

Gouvènè Cuomo te anonse Eta New York ak I LOVE NY LGBT pral aktif pandan evènman Fyète kle onivo entènasyonal e lokal, epi pandan lòt evènman LGBT pandan

tout ane 2017 ak 2018, pou ankouraje tout moun vizite Eta New York pou Stonewall 50 ak WorldPride New York. Sa pral yon tèt ansanm ant òganizatè Stonewall 50 / NYC Pride (Pwatrimwàn Fyète, ki se “Heritage of Pride”) pou ankouraje moun vwayaje al nan evènman an e nan eta a.

Gouvènè an te anonse tou plan pou ouvri yon Sant Dakèy I LOVE NY LGBT nan Vil New York pou semèn k ap presede Komemorasyon Stonewall 50 ak WorldPride. Sant dakèy la ap bay vizitè yo enfòmasyon sou destinasyon LGBT ki genyen nan Eta New York ak aktivite Stonewall 50 k ap fèt nan tout eta a.

Prezidan, PDG ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zemsky te di, “Gouvènè Cuomo fè dwa egal-ego tounen yon priyorite depi premye jou administrasyon li an, e inisyativ sa yo pral yon fason fòmidad pour selebre wòl Eta New York osen mouvman LGBT a. Mwen bat bravo pou Gouvènè a pou angajman san souf li pran anvè endistri tourism eta a – patikilyèman efò pou akeyi vizitè LGBT – e m ap tann avèk plezi komemorasyon yo planifye pou 2019 la”.

Pi bonè jodi a, Gouvènè a te [anonse](#) tou ke yo chwazi Anthony Goicolea pou konsepsyon moniman ofisyèl New York ki pral onore kominote LGBT a, moun ki te mouri nan fiziyad nayklèb Pulse nan Orlando nan mwa Jen 2016, epi tout moun ki viktim rayisans, entolerans, ak vyolans. Moniman an pral sitiye nan kwen lwès Greenwich Village, nan Hudson River Park.

Depi debi manda li, Gouvènè Cuomo montre li se yon lidè nasyonal nan defans dwa LGBT yo. An 2011, New York te pase yon lwa memorab pou Egalite Maryaj (Marriage Equality Act) e sa te voye yon mesaj bay tout nasyon an: li lè li tan pou mete fen a youn nan pi gwo inegalite sosyete a. An 2013, Gouvènè an te lanse inisyativ I LOVE NY LGBT pou mete aksan sou destinasyon LGBT epi ankouraje vwayajè LGBT vin rann vizit, kòm vwayajè sa yo se moun ki depanse 70 milya dola pou vwayaj domestik chak ane. An 2015, Gouvènè Cuomo te egzekite Règleman sa yo ki afime Lwa Dwa Imen Eta yo (State’s Human Rights Law) ap pwoteje tout moun ki transeksyèl yo, epi tout anplwaye piblik ak prive, founisè lojman, biznis, kreditè ansanm avèk lòt antite yo ta dwe konnen diskriminasyon ilegal epi yo p ap tolere l okenn kote nan Eta New York.

Gouvènè Cuomo te fè tou yon envèstisman san parèy nan endistri tourism nan tout Eta New York. An 2016, New York te akeyi yon rekò 239 milyon vizitè ki te depanse prèske 65 milya dola ki jenere yon enpak ekonomik ki plis pase 100 milya dola ototal pou yon twazyèm ane deswit. Anplis de sa, endistri touris la se katriyèm pi gran anplwayè nan eta a, k ap sipòte plis pase 914,000 djòb chak ane.

###